

Bhaibheri—Bhuku Rinobva Kuna Mwari (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 2 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* riri pawww.jw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda woona kuti sei uchizvitenda, uye kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti kudii, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



ICHOKWADI HERE KUTI BHAIBHERI RAKANYORWA NAMWARI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vachiti aiwa?

.....

Nei vamwe vachiti ehe?

.....

Ko iwe unoti kudii?

.....

Nei uchidaro?

.....

Vanhu ndivo vakanyora Bhaibheri, asi vainyora zvavaiudzwa naMwari.

(Ona chitsauko 2 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*, ndima 1-5.)

Verenga 2 Timoti 3:16 uye 2 Petro 1:21.

Zvinorevei kuti vanhu vakanyora Bhaibheri “vakataura zvichibva kuna Mwari”?

.....

.....

.....

Muenzaniso upi waungapa unoratidza kuti vanhu vakanyora Bhaibheri vainyora zvavaiudzwa naJehovha kwete zvemusoro wavo?

.....

.....

.....



Sekretari anogona kunyora tsamba asi achinyora zvaanenge audzwa nomukuru wake. Ndizvozvo zvakaitika paBhaibheri. Vanhu ndivo vakarinyora asi vachiudzwa naMwari

Panyaya dzesayenzi uye pakurondedzera zvinhu zvakaitika kare, Bhaibheri rinotaura chokwadi.

(Ona chitsauko 2 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*, ndima 6-9.)

Verenga Jobho 26:7 uye Isaya 40:22.

Mavhesi aya anoratidza sei kuti Bhaibheri raiva nemashoko akanga asingazivikanwi nevanhu vakararama panguva yarakanyorwa?

Verenga Numeri 20:2-12.

Unofunga kuti zvaiva nyore here kuti Mosesi anyore muBhaibheri kutadza kwaakaita? Sei uchidaro?

Chii *chaunonyanya* kufarira paBhaibheri?

Kupiwa kwatakaitwa Bhaibheri naJehovha kunoita kuti unzwe sei?

MUMWE MUNHU AKATI...

Bhaibheri rakanyorwa nevanhu.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI...

Ishuwa rakanyorwa nevarume 40. Asi ndinoti zvavainyora zvaibva kuna Mwari nokuti...

.....

.....

Ungamuverengera vhesi ipi?

.....

Sei uchida kushandisa vhesi iyoyo?

.....

MUMWE MUNHU AKATI...

Bhaibheri rakanyorwa kare kare saka hatingambovimbi naro.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI...

Vanhu vakawanda ndizvo zvavanotaura. Asi ini handizvibvumi nokuti...

.....

.....

Ungamuverengera vhesi ipi?

.....

Sei uchida kushandisa vhesi iyoyo?

.....